



Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON 12 LISANS ALKÒL BA ANPLIS NAN VIL NEW YORK POUTÈT VYOLASYON FLAGRAN RÈGLEMAN KI GEN RAPÒ AK KOWONAVIRIS**

*57 lisans alkòl biznis yo te sispann pandan ijans sante piblik la*

*Gwoup travay milti-ajans lan te reyalize 487 verifikasyon konfòmite madi swa, te obsève 29 vyolasyon anplis*

*534 akizasyon te depoze ak trete jiska jodi a, lis aktyalize sispansyon ak akizasyon yo disponib [ISIT LA](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a eta a te sispann lisans alkòl pou 12 ba Vil New York apre yo te dekouvri vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif ki gen rapò ak pandemi an. Jiskaprezan semèn sa a, gwoup travay milti-ajans eta a -- ke Lapolis Eta a ak Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) a te dirije -- te mennen plis pase 1,131 verifikasyon konfòmite, obsève vyolasyon nan 55 etablisman. Biznis yo jwenn ki nan vyolasyon ak règleman COVID-19 la ap fè fas ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, pandan vyolasyon flagran yo kapab genyen kòm rezilta sispansyon imedya lisans alkòl yon ba oswa restoran.

"Pandan kantite ka COVID-19 nan Eta New York kontinye bese konstamman, gen ogmantasyon enkyetan nan eta yo atravè peyi a epi kounye a se pa moman pou bese gad nou", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Gouvènman lokal yo bezwen fè travay yo men eta a ap konplete efò yo nan tout fason nou kapab. Non respè ap mennen nou tounen kote nou te ye kèk mwa anvan sa -- kidonk nou dwe kontinye reprime move aktè yo ki vyole lalwa epi mete sante ak sekirite tout moun an danje."

**Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Alkòl Eta a, te deklare**, "Gouvènè a te aplike règ entèlijans, ki baze sou done yo pou re-ouvri Eta New York, epi y ap ranfòse yon fason agresif. Sante ak sekirite Nouyòkè yo dwe se priyorite tout moun epi n ap kontinye ekspilse sila yo ki pa pran pandemi sa a oserye".

Lannuit pase a, investigatè yo nan eta a te obsève vyolasyon nan 29 etablisman, epi akizasyon fòmèl yo an preparasyon. Repatisyon jeyografik vyolasyon yo ki te obsève lannuit pase a gen ladan:

- The Bronx -- 2
- Brooklyn -- 7
- Manhattan -- 11
- Queens -- 5
- Staten Island -- 3
- Suffolk County - 1

12 etablisman yo te emèt òdonans dijans pou sispansyon somè Konsèy Otorite Alkòl Eta a pandan reyinyon yo nan dat 28 ak 29 jiyè se:

**"Nello" nan 694-696 Madison Avenue nan Manhattan, nan dat 29 jiyè 2020**

Nan dat 28 jiyè, investigatè yo avèk gwoup travay milti-ajans eta a te obsève omwen uit kliyan yo t ap sèvi manje ak bwason sou plizyè tab nan restoran an, sa ki se vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif 202.3 Gouvènè a, ki te mete restriksyon sou sèvis anndan Vil New York depi 16 mas 2020.

**"Union Grounds" nan 270 Smith Street nan Brooklyn, nan dat 29 jiyè 2020**

Nan dat 24 jiyè, investigatè yo avèk gwoup travay milti-ajans eta a te obsève yon foul k ap bwè dirèkteman deyò etablisman an san manje, ki gen ladan douz kliyan ki te kanpe ak bwè san manje. Anplis de sa, yo te obsève pwopriyetè a, yon sèvè ak yon manm sèvè yo san pwoteksyon figi.

**"Ladies Sports Bar" nan 170-12 Jamaica Avenue nan Jamaica, nan dat 29 jiyè 2020**

Nan dat 27 jiyè, investigatè yo avèk gwoup travay milti-ajans lan te obsève uit kliyan k ap konsome alkòl anndan etablisman an, anplis ke te gen yon anplwaye san pwoteksyon figi, tou de te klèman an vyolasyon ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a.

**"Parq" nan 4001 East Tremont Avenue nan the Bronx, nan dat 29 jiyè 2020**

Nan dat 25 jiyè, investigatè yo avèk gwoup travay milti-ajans eta a te obsève karant ak senkant kliyan k ap bwè alkòl ak fimen nagile sou twotwa a ak lari a dirèkteman devan etablisman an nan yon atmosfè tankou klèb de nwi, ki te gen ladan anviwon ven kliyan san pwoteksyon figi.

**"Grill on the Hill" nan 1624 Amsterdam Avenue nan Manhattan, nan dat 29 jiyè 2020**

Nan dat 27 jiyè, investigatè yo avèk gwoup travay milti-ajans lan te obsève kliyan yo nan de tab separe pa deyò etablisman an k ap bwè alkòl san manje, anplis de (2) kliyan ki te kanpe nan ba a anndan etablisman an.

**"Regular Visitors" nan 149 Smith Street nan Brooklyn, nan dat 29 jiyè 2020**

Nan dat 24 jiyè, investigatè yo avèk gwoup travay milti-ajans eta a te obsève anviwon ven kliyan k ap bwè alkòl dirèkteman pa deyò etablisman an san manje.

**"El Otro Rollo" nan 79-05 Roosevelt Avenue nan Jackson Heights, nan dat 28 jiyè 2020**

Nan dat 25 jiyè, investigatè yo avèk gwoup travay milti-ajans lan te obsève ven kliyan k ap bwè anndan ba a, de anplwaye k ap sèvi kliyan yo san pwoteksyon figi, ak uit kliyan ki kanpe ak bwè san pa te gen manje nan restoran an.

**"Gossip" nan 733 9th Avenue nan Manhattan, nan dat 28 jiyè 2020**

Nan dat 27 jiyè, investigatè yo avèk gwoup travay milti-ajans eta a te obsève douz kliyan ki rasanble, rete ak konsome alkòl sou twotwa a devan etablisman an byen apre kouvrefe 11 p.m. Vil New York pou sèvis pa deyò, kote pwopriyetè a ak plizyè kliyan pa te gen pwoteksyon figi. Gossip se yon residivis, ki gen de akizasyon anvan sa nan kòmansman jiyè pou vyolasyon Dekrè Egzekitif Gouvènè a.

**"Atlantis" nan 93-10 Woodhaven Boulevard nan Jamaica, nan dat 28 jiyè 2020**

Atlantis se yon transgresè Dekrè Egzekitif Gouvènè a, epi investigatè SLA yo te jwenn kliyan ki inyore direktiv sou distans sosyal epi te kanpe ak bwè devan etablisman an nan senk okazyon separe ant 1ye jiyè ak 16 jiyè.

**"El Abuelo Gozon" nan 79-03 Roosevelt Avenue nan Jackson Heights, nan dat 28 jiyè 2020**

Nan dat 25 jiyè, investigatè yo avèk gwoup travay milti-ajans eta a te obsève ven kliyan ki kanpe ak chita pandan y ap bwè alkòl devan etablisman ann sou twotwa a byen apre kouvrefe 11 p.m. Eta New York la pou sèvis pa deyò. Te gen plizyè anplwaye ki pa te gen pwoteksyon figi, ki gen ladan manadjè ak de anplwaye nan antre a. Nan moman vizit la isit la, te gen de kliyan ki te chita anndan ba a ap bwè alkòl san manje.

**"El Palo Bar" nan 38-12 104th Street nan Corona, nan dat 28 jiyè 2020**

Nan dat 18 jiyè, investigatè yo avèk gwoup travay milti-ajans eta a te obsève trant kliyan k ap bwè deyò restoran an, pifò te san pwoteksyon figi, byen apre kouvrefe 11 p.m. Eta New York la pou sèvis pa deyò. Restoran an se yon residivis Dekrè Egzekitif Gouvènè a, kote li gen akizasyon annatant pou vyolasyon nan kat okazyon separe ant 21 jen ak 1ye jiyè.

**"Rancho" nan 105-13 Jamaica Avenue nan Richmond Hill, nan dat 28 jiyè 2020**

Nan dat 27 jiyè, investigatè yo avèk gwoup travay milti-ajans eta a te obsève yon total uit kliyan nan ba a k ap bwè, an vyolasyon dirèk Dekrè Egzekitif Gouvènè a, kote te gen de kliyan san pwoteksyon figi ke yon sèvè san pwoteksyon figi t ap sèvi. Prezidan Bradley, Manm Komisyon Lily Fan ak Manm Komisyon Greely Ford te òdone sispansyon dijans yo nan yon reyinyon espesyal Komisyon Konplè a nan dat 28 jiyè ak yon reyinyon regilye Komisyon Konplè a nan dat 29 jiyè ki te fèt atravè yon videyo ki te anrejistre dijitalman anba direktiv distans sosyal yo.

Aprè investigatè eta a fin obsève vyolasyon yo, akizasyon fòmèl yo depoze ak amann yo ka emèt. Nan ka flagran yo, ki gen ladan lè SLA jwenn operasyon kontinyèl yon biznis ki gen lisans menase sante ak sekirite piblik, Sispansyon Somè dijans yo enpoze. Odonans sispansyon yo sòti imedyatman epi rete an efè yon fason pèmanan, avèk pèn maksimòm lan ki gen ladan anilasyon pèmanan lisans ak amann jiska 10,000

dola pou chak vyolasyon. Moun ki gen lisans yo ki sijè a yon sispansyon dijans gen dwa ak yon odyans akselere devan yon Jij Administratif SLA.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)